

SS.7.C.2.12

Devlope yon plan pou rezoud pwoblèm yon eta oswa gouvènman lokal la nan fè rechèch sou lòt règleman piblik, idantifye ajans gouvènman ki apwopriye nan abòde pwoblèm lan, ak pou detèmine sak pou fèt.

Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.

SS.7.C.2.12 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye nivo ki apwopriye nan gouvènman an pou rezoud pwoblèm espesifik.

Gouvènman nan tout nivo (lokal, eta, oswa federal la) responsab pou pwoteje ak pou founi pou sitwayen li yo. Lè gen yon pwoblèm oswa yon tèt chaje, sitwayen yo ka jwenn èd nan men gouvènman an pou rezoud pwoblèm sa yo. Anpil nan solisyon gouvènman sa yo vini sou fòm **règleman piblik** - ki se yon règleman (règ oswa lwa) ki te fè an repons a yon tèt chaje oswa yon pwoblèm ki egzije atansyon.

Sitwayen Ameriken gen dwa pou yo di sa yo panse gouvènman ta dwe fè sou pwoblèm nan kominote yo a. Sitwayen gen dwa pou yo di sa yo panse sou pwoblèm nan eta yo ak nasyon yo, ak sou pwoblèm entènasyonal yo. Sitwayen yo genyen dwa tou pou eseye enfluyans desizyon ofisyèl gouvènman yo fè sou tout pwoblèm sa yo.

Pou yo kapab patisipe efektivman, sitwayen bezwen konnen ki nivo nan gouvènman an ak ki **ajans gouvènman** yo ki responsab pou chanje, reyalize, oswa devlope règleman piblik espesifik. Egzanp, lejislati yo eta ka di ajans yo pou yo fè règleman ki nan lejislasyon federal la. Oswa, gouvènman lokal yo ka kreye règleman pou reyalize responsablite yo bay yo atravè lwa ki pase nan nivo eta a oswa federal la.

Anba la a se kèk egzanp adisyonèl nan pwoblèm oswa enkyetid ke divès nivo yo nan gouvènman an te kapab adrese:

Pwoblèm: Te genyen anpil aksidan machin nan menm kafou sa a.

Solisyon: Angaje gouvènman lokal la pou mete limyè trafik oswa pou plase siy darè nan kafou a pou anpeche aksidan nan lavni.

Pwoblèm: Eta Florid gen yon ogmantasyon nan kantite elèv kap abandone lekòl segondè.

Solisyon: Kontakte reprezantan eta a oubyen senatè eta kap dirije komite lejislatif ki apwopriye a pou prezante yon lejislati ki pral finanse yon pwogram prevansyon abandon nan tout eta a pou lekòl segondè piblik yo.

Pwoblèm: Granmoun sitwayen ki aje pa kapab peye dèt/pri medikal yo.

Solisyon: Kontakte manm kongrè a kap dirije komite lejislatif ki apwopriye a pou prezante yon lejislati ki ka ede granmoun aje yo ak depans sa yo.

ajans gouvènmantal - yon òganizasyon nan gouvènman an ki responsab pou yon zòn espesifik nan gouvènman an (egzanp, Depatman Eta Florid pou Sante, Depatman Citrus Florid la) (*Florida Department of Health, Florida Department of Citrus*)

règleman piblik - aksyon gouvènman nan fòm lalwa, règ, oswa règleman

Sous

Birkland, Thomas A. "What is public policy?". *New.Civiced.org*. The Center for Civic Education, 2011. Web. 11 March 2014.

<<http://new.civiced.org/pc-program/instructional-component/public-policy>>

Project Citizen. *New.Civiced.org*. The Center for Civic Education, 2014. Web. 11 March 2014.

<<http://new.civiced.org/resources/curriculum/lesson-plans/458-we-the-people-project-citizen>>